

4 septanm 2020

Chè fanmi,

Pandan n ap apwoche kòmansman ane lekòl la, tout moun nan Depatman edikasyon Vil Nouyòk konsantre sou bay yon edikasyon bonjan kalite ki mete sante pitit ou a, sekirite l, ak byennèt emosyonèl li an premye otòn sa a. Yon edikasyon ki kreye yon nouvo nòm ekselans pou aprann nan nenpòt kote a. Yon edikasyon ki pral prepare pitit ou yo pou yo pwospere - jodi a, demen, ane pwochèn, ak pou tout rès lavi yo.

Mwen vle mete w okouran ke aprantisaj jounen konplè pou tout elèv yo ap kòmans Lendi 21 septanm. Kèk jou avan sa, apati mèkredi 16 septanm jiska vandredi 18 septanm, tout elèv ak pwofesè ap travay adistans pandan yon pati nan jounen an pou tranzisyon ak oryantasyon pedagogik pou ede elèv yo rekonekte avèk lekòl la. Tan sa a pou ede asire tout timoun pare pou aprann ak reyisi.

Nan lèt sa a nou mete nouvo enfòmasyon sou kòman ansèyman ak aprantisaj ap sanble. Ou pral jwenn enfòmasyon anplis sou kijan lekòl nou yo ap sipòte chak elèv chak jou— kit y ap patisipe nan aprantisaj totalman adistans oswa aprantisaj miks (kote y ap aprann nan bilding lekòl la pou yon pati nan semèn lan, epi adistans pou rès semèn lan).

Li Mizajou sou reouvèti lekòl pou fanmi ki pi ba a pou jwenn plis enfòmasyon sou:

- Kòman pitit ou a pral travay lakay li: Entèraksyon ak leson andirèk avèk pwofesè, ak pwojè elèv reyalize poukont yo
- Kiyès ki pral anseye pitit ou a nan aprantisaj miks oswa aprantisaj totalman adistans
- Kòman pou rete enfòm osijè ka COVID-19 nan kominote lekòl ou a

Si w gen kesyon sou enfòmasyon ki nan lèt sa a, tanpri kontakte direktè lekòl ou a. Enfòmasyon pou kontakte direktè lekòl nan chak sitwèb lekòl schools.nyc.gov nan seksyon “School Contacts and Information”. Ou ka jwenn paj la pou lekòl pitit ou a sou sitwèb nou an avèk "Find a School": schoolsearch.schools.nyc.gov. Epi kòm alòdinè, ou ka jwenn tout enfòmasyon sou reouvèti lekòl nan schools.nyc.gov/returntoschool2020.

Ou toujou tande m di ke Vil Nouyòk gen elèv, anplwaye, ak fanmi, ki pi bon, pi fò, pi angaje pase nenpòt lòt kote. Chak jou, ou kontinye pwouve ke se verite san okenn dout. Mwen vle reyafime angajman nou pou pran absoliman tout prekosyon pou kenbe pitit ou an sante ak an sekirite. Epi asire yo resevwa bon kalite edikasyon yo merite kèlkeswa fason an oswa kote y ap aprann lan.

Mwen kontan anpil pou akeyi timoun nou yo ak elèv nou k ap retounen nan kominote lekòl yo nan yon ti tan ankò!

Avèk senserite,



Richard A. Carranza
Chanselye
Depatman Edikasyon Vil Nouyòk

Mizajou pou fanmi sou reouvèti lekòl 4 septanm 2020

Ou ka jwenn enfòmasyon sa ak lòt detay anplis sou pajwèb reouvèti lekòl nou an nan schools.nyc.gov/returntoschool2020 pou ede w prepare pou ane lekòl k ap vini an.

Kòman pitit mwen an pral aprann lakay li?

Kit elèv ap aprann adistans lakay yo yon pati nan semèn lan oswa chak jou, y ap resevwa enstriksyon adistans nan de diferan fason: entèraksyon andirèk (yo rele pafwa "enstriksyon senkronik") avèk pwofesè yo, ak aprantisaj endepandan (yo rele pafwa "enstriksyon asenkronik"), ki gen ladan devwa, pwojè, oswa lesou videyo anrejistre. An nou eksplike kisa sa vle di:

Entèraksyon andirèk vle di ke elèv ou a ap kominike avèk pwofesè yo sou videyo, telefòn, chat andirèk, app vityèl, oswa yon lòt mòd dijital nan tan reyèl. Pwofesè a ka kominike avèk tout klas la, an tigwoup, oswa avèk elèv endividyèl. Yo ka fè sa sou Google Meet, Microsoft Team, Zoom, oswa lòt platfòm dijital konferans videyo oswa telefòn DOE-apwouve. Li gen ladan:

- Leson nan klas;
- Orè Biwo pou konekte an tan reyèl avèk pwofesè yo pou jwenn èd endividyèl oswa an tigwoup pou enstriksyon oswa aktivite ansèyman;
- Aktivite byennèt sosyal emosyonèl tankou tigwoup pataj, oswa egzèsis pou konsyans; oswa
- Konvèsasyon avèk elèv yo ak fanmi yo sou travay ak pwogrè y ap fè, atravè videyo oswa pa telefòn.
- Lòt aktivite "patisipasyon andirèk", tankou chat ke platfòm dijital edikatè yo itilize yo ofri pandan lesou.

Nan kòmansman ane lekòl la, men kantite tan nou vize pou mande tout lekòl pou angaje elèv nan entèraksyon ak ansèyman andirèk chak jou:

- Elèv ki nan pwogram 3-K ak pre-K : jiska 30 minit
- Elèv ki nan Kindergarten rive klas 2yèm ane: 65 rive 95 minit
- Elèv nan klas 3yèm rive 5yèm ane: 90 rive 110 minit
- Elèv nan klas presegondè nan klas 6yèm rive 8yèm ane: 80 rive 100 minit
- Elèv lekòl segondè nan klas 9yèm rive 12yèm ane 100 rive 120 minit

Kantite tan pou ansèyman andirèk ap ogmante chak mwa pou tout klas pandan ane lekòl la ap pwogrese pou pèmèt elèv yo ak pwofesè yo fè tranzisyon ofiamezi. Y ap afiche tan yo pwograme yo pou elèv ak estaf ka planifye pou lè yo gen pou travay andirèk.

Aprantisaj endepandan vle di elèv ou a ap travay poukont li avèk devwa, pwojè, ak materyèl pwofesè yo bay yo. Sa ka gen ladan:

- Leson sou videyo oswa prezantasyon yo anrejistre alavans
- Aktivite, devwa oswa travay ki ranfòse lesou nan jou avan yo
- Pwojè ak devwa an kolaborasyon avèk kamarad klas yo
- Tablo diskisyon ak konvèsasyon, fidbak, oswa konsèy pwofesè ap voye pa imèl

Kiyès ki pral anseye pitit mwen an?

Pitit ou a ap gen yon edikatè kalite siperyè k ap ba li edikasyon, kèlkeswa kote y ap aprann lan. Enstriksyon ka parèt yon tijan diferan nan chak lekòl, l ap reflekte bezwen espesifik nan kominote lekòl la, sepandan men sa ou ka atann an jeneral:

Pou elèv ki nan aprantisaj mik

Aprantisaj mik vle di yon konbinezon enstriksyon sou plas, an pèsòn nan lekòl la kèk jou nan semèn lan, ak enstriksyon adistans lakay ou nan rès jou yo.

Pitit ou a ka gen pwofesè diferan pou aprantisaj anndan lekòl la ak aprantisaj adistans. Pwofesè sa yo ap travay nan tèt ansanm an pè oswa ann ekip pou yo kreye eksperyans aprantisaj ki gen sans ak ki konekte. Paegzanp, yon elèv ka kòmanse yon pwojè an pèsòn epi kontinye travay sou li pandan li nan aprantisaj adistans.

Pandan pòsyon adistans lan nan aprantisaj mik la, pitit ou a ap avèk menm gwoup elèv ki avèk li yo nan lekòl la regilyèman.

Pou elèv ki nan aprantisaj adistans total

Lè sa posib, se pwofesè ki nan pwòp lekòl pitit ou a k ap anseye l nan aprantisaj adistans total la. Pwofesè yo pral rankontre regilyèman ak menm gwoup elèv la nan jou espesifik.

Kòman pou rete enfòm osijè ka COVID-19 nan kominote lekòl ou a

Li enpòtan pou lekòl ou a kapab kontakte w pou mete w okouran rapidman sou enfòmasyon esansyèl pou w konnen, ladan ka COVID-19 yo konfime nan lekòl pitit ou a. Tanpri anrejistre pou yon Kont lekòl Vil Nouyòk (New York City Schools Account, NYCSA) pou nou ka kontakte w pa telefòn, pa imèl oswa pa mesaj tèks. Avèk Kont NYCSA a, ou ka gen aksè nan nèt, orè, enfòmasyon sou mwayen transpò pitit ou a, ak plis toujou—kèlkeswa kote ou ye a, ak nan nèf lang DOE tradui yo. Si w pa gen yon kont, anrejistre pou youn jodia nan schools.nyc.gov/nycsa. Li pran senk minit sèlman!